



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE COHOES KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON KAPITAL LA NAN KAD SIZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji global kwasans ekonomik ak kominotè Eta a*

*Eta a pral travay avèk rezidan yo, lidè kominotè yo ak responsab piblik yo pou revitalize anba lavil Cohoes la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vil Port Jervis pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Kapital la nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estime ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Lè nou investi nan sant vil Cohoes, n ap asire pwosperite bèl kominote akeyan sa a ke rezidan yo ak vizitè yo te jwi depi lontan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral asire ke tout Cohoes, soti nan kaskad dlo sansasyonèl li yo rive nan anba lavil dinamik lan, ka yon kote rezidan yo travay, jwe, ak pwospere pou jenerasyon k ap vini yo."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) la sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil li a epi idantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis investisman prive ak piblik. Depatman Eta a ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a.

**Cohoes**

Cohoes se yon ti vil ki gen gwo ekipman. Lakay yon kominote restoran k ap grandi, magazen ki vann an detay, boutik antik, galri atistik ak avni amizman yo, ansanm ak yon popilasyon rezidansyèl k ap grandi pou sipòte yo, Anba lavil Cohoes sou wout yon transfòmasyon. Melanj eklèktik biznis ki nan achitekti 19èm syèk la, konbine avèk plizyè espas vèt ak yon jaden kominotè, kreye santiman yon kominote modèn ak yon touch nostalgik. Evènman espesyal tankou Rock the Block, Eat in the Street, Wing Wars, Soup Stroll, Regional Food Bank's Mac & Cheese Bowl ak anpil lòt amelyore kalite lavi rezidan yo epi yo dinamize anba lavil la. Kalite lavi sa a se pa sèlman yon pèsesyon, li klèman parèt nan popilasyon k ap grandi nan Cohoes la ki ap vin pi jèn ak pi divèsifye.

Pandan plizyè ane ki sot pase yo, gwo investisman prive ak piblik te mennen nan kwasans travay, yon ogmantasyon nan ekonomi anba lavil la ak yon pwopòsyon ogmante nan Millennials ak divès popilasyon yo. Cohoes ap chèche pwofite investisman resan sa yo ak byen istorik li yo pou ankouraje yon kominote akeyan ki pratik pou pyeton, kote rezidan yo ak envite yo ka jwi divès opsyon manje, fè makèt ak amizman. DRI a pral renove Cohoes kòm yon sant vil aksesib, ki pratik pou peyton ak yon abondans ekipman ki fè Vil la vin yon premye destinasyon rejyonal premye plan pandan y ap rekipere etaj siperyè bilding pou itilizasyon rezidansyèl, restore fasad bilding istorik yo ak amelyore koneksyon ak nan zòn anba lavil la.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Kapital la te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Cohoes kòm rejyon ki nonmen:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo oswa katalize yo;
- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba lavil la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti nan yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Cohoes te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvo opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Cohoes rejwen kominote Glens Falls, Hudson, Albany, Schenectady, Tannersville ak Troy, ki se te gayan Rejyon Kapital la nan senk premye faz DRI yo.

Cohoes pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan

sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou sizyèm faz DRI a pral fin konplete an 2023.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare,** "Li enteresan pou nou wè ki jan DRI a kontinye revitalize sant vil yo alantou Eta New York, epi Vil Cohoes pral byento wè efè transfòmasyon li yo an premye. Finansman an pral ede "The Spindle City" reyalize objektif li yo pou li plis konekte ak pi fasil pou pyeton epi pou revitalize bilding istorik yo ak vitrin magazen yo pou atire nouvo rezidan ak vizitè epi asire kwasans li nan alavni."

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Eta nou an ap fè eksperyans yon renesans nan rezians anba lavil la, epi Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap kontinye momantòm sa a nan Sizyèm Faz la. Avèk envestisman resan yo nan kominote anba lavil la ak yon foul rezidan ki pi jèn, ki pi divèsifye, Cohoes sou wout pou yon vrè transfòmasyon, epi fon sa yo atravè DRI pral ede Vil la reyalize vizyon li. Felisitasyon pou Vil Cohoes pou rekòmandasyon li yo."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare,** "Cohoes se yon vil divès ak anpil òf ak angajman 10 milyon dola Eta a pou revitalizasyon anba lavil li a pral bay plis lavi nan kominote k ap grandi sa a. Gras a Gouvènè Hochul ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, nou ka kreye nouvo opòtinite lojman ak renove vitrin magazen ki egziste deja yo nan fason ki pral benefisye rezidan aktyèl yo ak pwochen rezidan yo, epi konplimante lòt investisman estratejik yo fè atravè Rejyon Kapital la."

**REDC Ko-Prezidan CREDC Kapital la Ruth Mahoney, Vis Prezidan Egzekitif, Prezidan Jesyon Richès ak Prezidan Rejyonal NBT Bank, ak Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan University at Albany, te deklare,** "Cohoes se yon kominote k ap devlope nan Rejyon Kapital la, epi DRI a pral ede etabli li kòm yon destinasyon divès epi ki dinamik. Capital REDC pa ka tann pwojè estratejik ki enfòme pa kominote a ki pral konekte rezidan yo ak moun ki fèk vini yo ak tout sa vil sa a gen pou l ofri."

**Senatè Eta Jacob Ashby te deklare,** "Gouvènè a te fè yon bon chwa nan chwazi Cohoes pou yon sibvansyon DRI. Resous sa yo pral akselere kwasans ak pwogrè ki te pwovoke pa yon seri envestisman piblik ak prive nan lojman abòdab vil la, restoran enteresan yo ak sèn atistik dinamik yo. Mwen fyè pou m sipòte sa."

**Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare,** "Antanke yon ansyen Majistra Cohoes ak aktyèl Manm Asanble a, mwen te toujou reve yon opòtinite tankou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a pou vil mwen an. Mwen kontan anpil pou Vil la ak pou rezidan nou yo ki pral benefisye de pwøjè transfòmatif sa a. Mwen vle remèsye ak onore Gouvènè Kathy Hochul paske li te vivifye sa a epi sonje ke Egzekitif la ak Lejislati a dakò ak tout kè yo sou enpòtans pwogram sa a. Anplis de sa, DRI Vil Cohoes la totalman lojik ak Kontra Lojman New York (New York Housing Compact) Gouvènè Hochul nan bidjè Egzekitif la. Atravè DRI a nou ap investi nan sant iben nou yo ki te bay nesans ak tout banlye nou yo ak siksè sant iben sa yo bay yon kwasans eksteryè. Pandan n ap travay pou rann Eta New York vin pi fasil pou viv ak abòdab, sa se yon investisman ekselan resous eta a ak devlopman rezidansyèl amelyore ap mennen nan pi gwo opòtinite biznis. Yon vrè viktwa pou tout Nouyòkè yo."

### **Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon Anba Lavil la**

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola pou investi nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite.

Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwøjè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)